

# Bon Nouvèl




*Journal pou moun ki renmen lang manman yo*

42° ane \* n° 460 \* Avril 2009

Pri journal la : 10 goud

*Yon virewon ki pote anpil pwomès pou Ayiti*



2 Avangou : 12 avril se fèt Pak, fèt lavi.

3 Koze mande chèz :

Vizit Bann Kimoun ak Klintonn  
Nouvèl kout

5 Ti refleksyon sou Ayiti :

Kisa ki pa nòmal menm ?

6 Ki moun ou ye : Latris Jan Dalyo

8 Touris lokal : Tigwav

9 Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè  
Nòt pou laprès

10 Paj fanatik: Kreyòlnaval oubyen anyen...

11 Paj pou jèn yo :

Tigwav: yon rezèv nan sit touristik nou yo  
Radyo Limyè fete 50 lane !

Jounen mondyal lit peyizan (17 avril)

Foutbòl : Yon nouvo van lespwa soufle

Sinema : "Jak Woumen, pasyon yon peyi"

14 Pawòl Bondye :

Pwojè lavi ak pwojè lanmò nan bib la

16 Blag ak Mo kwaze

Fanatik Bon Nouvèl yo bonjou,

12 avril 2009 n ap selebre fèt Pak. Fèt Pak la se fèt lavi a, se selebrasyon viktwa Jezi sou lanmò, se fèt Jezi ki vivan, Jezi ki mèt lavi. Lavi sa a se kado Bondye. Lavi sa a pèp ayisyen an swaf pou l kapab jwenn li nan yon tan kote se fòs lanmò yo ki trè fò sou teren an. Li lè li tan pou patizan Jezikri yo, kit se katolik, kit se pwotestan tounen ajan lavi sa a.



Evèk Amerik latin yo ki te reyini nan vil Aparecida (Aparecida), nan peyi Brezil, nan lane 2008, fè n wè kouman nouvo lavi nan Jezikri brase tout reyalite lavi nou nèt: Lavi pèsònèl, lavi nan fanmi ak nan sosyete, tout relasyon nou genyen youn ak lòt. Epi lanmò a p ap detwi l. Mwen vle pataje avèk zanmi Bon Nouvèl yo kèk pasaj nan dokiman ki sòti nan gwo rankont sa a

« Jezi se sèl sovè moun sou tè a, pa gen lòt ki kapab ranplase l, paske Jezi se Chemen an, Laverite a ak Lavi a. . . . Li enpòtan epi li ijan pou mete konviksyon sa a pi klè toujou, e pou fè l grandi nan tout kò legliz la : Kris la, Bondye ki pran figi moun, se li ki sèl vre sovè n. » (Aparecida n° 22)

«Nan figi Jezikri, ki mouri epi ki leve byen vivan, ak je lafwa nou kapab wè figi pakèt moun, gason ak fi nan pèp nou yo, ki pran imilyasyon. An menm tan Bondye rele yo pou yo kapab jwi libète pitit Bondye yo, pou yo kapab reyalize diyite yo chak genyen an, e pou yo kapab viv nan fratènite ak tout moun.» (Aparecida n° 32)

«Jezi di: Mwen vini pou m bay moun lavi, epi pou yo genyen l toutbon (Jan 10, 10). Vin zanmi avè l pa mande pou n mete sou kote sa n anvi reyalize nan lavi a, paske li vle pou n gen kè kontan depi sou tè sa a.» (Aparecida n° 355)

«Nouvo lavi Jezikri a touche moun nan nèt, epi li fè moun grandi nan sa l ye kòm moun, nan lavi fanmi li, nan sosyete li ak nan kilti li. Poutèt sa nou dwe antre nan yon chemen chanjman k ap transfòmè diferan aspè lavi a menm. . . . Lavi nan Jezi Kri gen ladann l: Kè kontan lè n manje ansanm ak lòt, volonte ak chalè pou fè pwogrè, anvi pou travay e pou aprann, kè kontan lè n antre nan sèvis moun ki bezwen, bon kontak ak kreyasyon an, plezi lè n viv selon levanjil la, sa nou ye kòm gason osinon fi (seksiyalite nou) ak tou sa Papa a ban nou kòm prèv renmen li gen pou nou». (Aparecida n° 356)

«Kondisyon lavi anpil moun depaman ak pwojè Papa a, paske lòt yo abandonnen yo, yo mete yo sou kote, yo pa rekonèt nan ki lamizè ak lapenn yo ye. Sa se yon defi pou moun ki gen lafwa e ki blije pran yon pi gwo angajman anfavè yon kilti lavi. Wayòm Bondye a, Kris la te pote ba nou, depaman ak sitiyasyon sa yo ki pa fèt pou moun. Si n fèmen je n sou reyalite sa yo, nou pa moun k ap defann lavi Wayòm nan, men se sou wout lanmò nou ye.

Lè sa a, nou dekouvri yon règ ki nan reyalite n ap viv la : Lavi toutbon ap grandi sèlman kote moun viv an kominyon tankou frè ak sè, selon sa ki korèk. Paske Bondye, nan Kris la, pa sove chak moun apa sèlman, men tou, li rachte relasyon sosyal yo ki genyen nan mitan moun yo. . . » (Aparecida n° 359)

Bòn fèt Pak !

*Pè Jan*

### Fen vizit Bann Kimoun ak Klintonn an Ayiti

#### Yon virewon ki pote anpil pwomès pou Ayiti!

Sekretè jeneral Òganizasyon Nasyonzi (ONU), Bann Kimoun (Ban Ki-moon) ak ansyen prezidan ameriken an, Wilyam Djèfèsonn Klintonn (William Jefferson Clinton), Bil Klintonn pou pi kout, mete yon bout nan virewon 24è yo t ap fè nan peyi d Ayiti jounen madi 10 mas la.


yo rapè ameriken ki gen kòd lonbrit li antere an Ayiti, Wiklèf Jan, fè konnen yo pral defann sò Ayiti devan administrasyon ameriken nan ak devan finansyè entènasyonal yo pou sansibilize yo yon fason pou yo ede Ayiti soti nan sitiwayon malouk li twouve l.

yo, sekretè jeneral la fè konnen: «M ap retounen jodiya menm nan Wachintonn kote m pral rankontre prezidan ameriken an, Barak Obama ak sekretè deta a Ilari (Hillary) Klintonn. Mwen pral rakonte yo tout sa mwen konstate pa bò isit. Mwen pral di yo gras ak jefò Minista, lapè ak lòd retounen an Ayiti. Men m ap di yo tou, gen anpil kichòy ki rete pou fèt pou ede peyi a soti nan sitiwayon ekonomik malouk li twouve l aprè 4 siklòn fin ravaje l ».

Se menm pozisyon sa a ansyen lidè demokrat la Bil Klintonn anvizaje defann nan konferans bayè entènasyonal yo k ap fèt nan mwa avril k ap vini an nan Wachintonn. Klintonn deklare: «Mwen pral veye pou reyinyon sa a ka yon siksè pou Ayiti ».

#### Gen espwa

«Tout espwa pa pèdi pou Ayiti. Peyi sa a ka vin yon senbòl siksè pou lòt peyi, pou Nasyonzi ansanm ak kominote entènasyonl la k ap bay sipò yo ak Ayiti. Peyi a



Anvan yo pran avyon, gwo zotobre yo ki te akonpaye yon kenzen biznismann etranje, pami

Nan deklarasyon li fè avan l kite peyi a, nan konferans pou laprès ki te mete bab pou bab de zotobre

**7 MAS :** Nan okazyon jounen nasyonl Jistis ak Lapè, Komisyon Achidyosèz Jistis ak Lapè te voye yon mesaj solidarite bay pèp ayisyen an, kote li fè konnen li konstate chak jou ki pi plis lavi a ap fin depafini nan peyi a kote lè se pa katastwòf ekonomik ki frape yo se katastwòf natirèl.

Nan okazyon jounen an toujou komisyon an mete devan je tout otorite nan peyi pa bò isit ansanm ak sitwayen yo kondisyon lavi pèp ayisyen an ki se yon kalvè. Komisyon an ap mande otorite yo tou ki jefò k ap fèt pou transfòme kalvè sa a an dimanch Pak. Pou fini Komisyon an pa t bliye mande

tout fanm tankou gason pou yo mete prejije sèks yo sou kote, pou yo fè yon sèl nan refleksyon pou chache aksyon ki kapab debouche sou yon menm vizyon ki se devlopman pou peyi d Ayiti san l p ap bliye salye medam yo pou kouraj ak detèminasyon yo, nan okazyon fèt fanm nan ki te 8 mas la.

## Koze mande chèz

byen plase pou fini yon fwa pou tout ak lamizè», se konsa Bann Kimoun te pale nan palè nasyonal jounen lendi a nan aswè, nan yon deklarasyon tètansanm limenm, chèf leta a Rene Preval ak Bil Klinton te fè.



Sous foto: entènèt

Bò kote pa li, ansyen prezidan ameriken an di se premye fwa li wè gen tout posibilite sa yo pou soti peyi a nan sitiyasyon difisil li twouve l depi byen lontan. «Ayiti gen pwoblèm se vre men avèk bon jan mezi pou ranfòse enstitisyon yo, jere dezast natirèl, konstwi wout, kreye travay, li ka devlope sitou ak

touris. Men fòk otorite yo fè wout pou fasilite devlopman sektè a » Mesaj Klinton nan pa twò depaman ak mesaj Bann Kimoun nan, li vin ranfòse l : « Nan rankont donatè yo, mesaj m ap pote se di yo Ayiti se yon peyi moun ka mete kòb deyò ladan l. Mwen pral fè tout sa ki posib pou montre gen avni nan investisman nan peyi a ».

### You Kout dlo frèt pou lavalas

Nan okazyon rankont ki te òganize nan palè nasyonal lendi ant chèf leta Ayisyen an ak de gwo envite yo, ansyen lokatè Mezon blanch la fè konnen: «Li lè li tan pou n gade douvan paske gade deyò p ap mennen nou twò lwen ».

Pandan ansyen prezidan ameriken an t ap pale konsa, te gen plizyè santèn patizan lavalas ki t ap manifeste pou mande retou fizik ansyen prezidan Jan Bètran Aristid, pandan yo t ap remèsye Bil Klinton poutèt li te mennen Aristid tounen nan lane 1994. Lidè lavalas

la te pase twa lane nan kanpe lwen, aprè militè te kouri deyò l sou pouvwa a nan ane 1991.

Yon lòt kote, Bil Klinton fè konnen peyi Kanada ak Lèzetazini gen yon dèt pou Ayiti. Paske, selon sa demokrat ameriken an fè kwè, «Mendèv ouvriye Ayisyen yo kontribiye anpil nan devlopman de jeyan sa yo nan Amerik la ».

Chèf leta ayisyen an Rene Preval te pwofite nan deklarasyon pa li a, pou l drese yon tablo sou sitiyasyon peyi a ki te viktim anba kat gwo siklòn nan lane 2008. «Nou vini nan yon moman kote peyi a ap konfwonte kat chòk : pri manje ki pa sispann moute, pri pwodwi petwole yo k ap grenpe sou mache entènasyonal la, ak kat siklòn mele ak ouragan ki kraze peyi a. Nan kalamite l ye, pèp ayisyen pa konprann kouman kominote entènasyonal la ap anvizaje retire 40% nan èd l ap bay Ayiti pou ane 2009 la. ■

*Ladenson Flerival*

**9 MAS :** Pap Benwa 16 nonmen monsèyè Gi Poula (Guire Poulard) kòm nouvo evèk Okay. Monsèyè Gi Poula ap gen pou ranplase Monsèyè Jan Aliks Verye (Jean Alix Verrier) selon biwo prè Vatikan an. Monsèyè Gi Poula se te evèk Jakmèl.

**9 MAS :** “Wi mwen kapab”. Se ak tèm sa a sekretè deta alfabetizasyon an te bay 17yèm rapò kanpay alfabetizasyon 2007-2010 la. Selon li menm yo nan mwatye ane men yo pa fè

mwatye moun konn li ak ekri. Selon li menm toujou se paske leta pa jwenn tout mwayen, sosyete sivil la pa pote konkou pa li nan konbit alfabetizasyon an. Enfòmasyon ki soti nan biwo a fè konnen 11.402 moun reyisi nan evalyasyon ki te fèt nan mwa desanm nan sou 28.253 ki nan 7 departman. Pandan premye mwatye kanpay la nan 400.000 moun ki te enskri anviwon 92.000 te rive frekante yon sant. Sou 7 milya 339 milyon goud ki nan bidjè SEA, Kiba ap bay 280

milyon sou fòm materyèl tankou: kasèt videyo, ti liv pou patisipan ak anpil lòt materyèl toujou. SEA antre elèv yo nan koze a konsa yo kòmanse jwenn anpil bon rezilta kote menm elèv yo te reponn: **Wi mwen kapab alfabetize !** 227 deja pran fòmasyon konsa 168 deja pare pou kòmanse travay la ak pwogram wi mwen kapab la ki pral pase nan TNH, Teleginen, ak Tele-eklè soti mwa mas rive mwa jen.

*Wozilya Franswa*

### Kisa ki pa nòm al menm...

*Mantalite "tout voun se do", tout moun fè kou yo konnen pou yo viv, depi youn pa nwi yon lòt. Koze "zafè kabrit pa zafè mouton", politik manfouben, ranpli pòch k ap plonje peyi a nan yon dezespwa san fen, èske tout sa nòm al...*

Chak ane ki pase nan peyi isit se yon veritab lapenn pou nou wé ak tande bagay k ap pase, yon moun k ap reflechi ta di pa gen moun nan peyi sa, afòs bagay yo ap vin pi mal. Paske moun pa ka konprann ki pwèn cho sa ki twòp pou pèp sa li pa ni jere ni remèt non plis.

Peyi sa a tankou l pa gen chans paske l ap mache pran kout ba pasipala. Gouvènman sou gouvènman pase, se menm kout baton, kite yon fòm diskou pran yon lòt se menmman parèyman. Gen sa ki te bay tout yo menm pou bay nèg pouvwa nan lespwa demen va pi bon, yo pran nan kout mafyozo, espwa malatyong.

Pou nou pi klè, pwoblèm peyi sa yon liv aritmetik p ap ka fin pran tout paske chak jou ki jou mal yo ap ogmante san kondisyon. Pou sa ki gen a wè ak kote epi jan moun ap viv, sa bay tèt fè mal. Kou yon ti lapli tonbe gen anpil kote moun gen gwo kè kase paske yo pa bezwen twòp dlo pase sa pou yo inonde. Gen yon seri zòn menm ki gen repitasyon nan zafé inondasyon tankou Gonayiv, Pòdpè, Kabarè, elatriye. Yon moun ka konprann sityasyon sa pa nòm al, poutan ta sanble gen yon gwoup moun se sa yo toujou ap tann pou fè fòtin pou y al sere nan bank lòtbò dlo. Pou sèvis leta ap bay, nan tout nivo, yo pa reponn ak bezwen popilasyon an ditou, epi, prèske tout sèvis yo rete yon sèl kote, pa menm mande pouki rezon, pliske sa se politik moun k ap

dirije nan peyi isit. Dapre obsèvasyon nou fè ta sanble dwa moun gen lè poko rive bò isit, tèlman gen yon seri bagay ki piti anpil ki rete yon gwo liks nan peyi a tankou sante, nouriti, dlo potab, edikasyon, elektrisite, kominikasyon, sekirite sosyal, lwazi, elatriye. Sa ki pi rès pèsonn pa ka bay yon eksplikasyon pou di sa ki fè anyen pa ka mache. Youn ap akize lòt kòm si pèsonn pa reskonsab.

Pitit peyi ap mouri chak jou nan mizè, anba vye maladi ak nan grangou, pèsonn pa konsène. Anviwònman nou vin degrade, mòn yo vin debwaze, tout tè yo deboulonnen nan plenn, peyizan nan mòn pa gen anyen pou yo viv, tout vil yo chaje ak moun, pa gen travay, peyi a dezòganize nan tout sans, tout moun jwenn lisans pou fè sa yo vle, jan yo vle, lè yo vle. Nan tout biwo leta se gagòt, piyay lajan, zen, zigzani, pote ale pote vini, poutan yo youn p ap bay sèvis kòm sa dwa.

Lè nou soti nan yon pwoblèm nou tonbe nan yon lòt ki pirès tèlman peyi nou an malad. Politisyen tradisyonèl, san pwogram, se yo ki toujou sèl kòk chante, epi yo toujou mete mal peyi a sou do lòt moun kòm kwa yo pa fè peyi a okenn tò.

Kesyon k ap poze toupatou « Eske peyi a se bak l ap fè sèlman ? », èske pa rapò ak nou vèl lòd mondyal la pa gen anyen k ap fèt pou leve eskap figi peyi a. Lè nou konsidere majorite popilasyon an k ap vin pi pòv de jou an jou, nouvo pwogram lamizè sa dirijan yo mete sou pye pou pitit pèp la kontinye ap riske vi yo nan pran kanntè oubyen travèse anba fil pou rantre nan peyi vwazen nan al chèche travay, tiye lespwa yon bann fanmi k ap souffri.

Nan yon sityasyon parèy, èske li nòm al pou dirijan politik nou yo kontinye ap

fè lòbi nan laprès kòm si tout bagay ap byen fonksyone. Lè yon moun konnen jiska prezan se nan rakèt pou regle tout sa ou bezwen nan peyi a, san nou site kantite transaksyon k ap fèt nan bwat piblik yo ki pa ale nan kès leta. Chak moun nan nivo pa yo ap piye pou alimante koripsyon ki se gwo tit yo ba nou sou plan entènasyonal, kòm peyi ki pi kòwonpi nan blòk la. Sa sanble pa revòlte konsyans pèsonn, okontrè yo mete plis estrikti an plas pou fòm ilize oubyen sètifye pwostitisyon nan peyi a sou tout fòm.

Eske li nòm al nan nouvo syèk sa pou pwoblèm dlo, kouran, wout ak elektrisite poko ka rezoud nan peyi a ki se 4 wou nan machin developman dirab pou pèp la ka respire yon lòt lè. Jiska prezan leta ayisyen poko ka òganize l pou anrejistre tout moun ki fèt nan peyi a yon manyè pou l konnen kantite moun ki ap viv sou bout tè sa. Anplis reskonsablite leta ak otorite leta se 2 mo ki pa janm fin twò byen defini bò isit, se kòm si se yon jwèt pil ou fas k ap jwe, gwo lo a se toujou dirijan yo ki genyen l, defisi toujou pou pèp la, paske se yo ki toujou viktim.

Eske li nòm al pou dirijan yo kontinye ap mennen bak peyi a san yon plan politik, san pwogram, san pwojè, san yon ajanda ki endike reyèlman kisa k ap fèt, nan ki moman pou nou rive devlope peyi a pou nou sispann bay enpresyon nou pa konnen sa n ap regle. Eske li nòm al pou peyi sa kontinye ap dirije sou baz moun pa, kliyantelis, ti zanmi pliske li lè pou nou ta chanje imaj enstitisyon yo, fè bagay k ap itil epi ki kapab ede pèp la soti nan nich kote l ye la, san espwa, ni rezon. ■

Wadnè Izidò  
Wadneri26@yahoo.fr

## Ki moun ou ye?

Mwa sa a n ap prezante nou Latris Jan Dalyo ki se jounalis, powèt, pwofesè kreyòl



Sous foto: Ladensonn Flerival

Mwen se Latris Jan Dalyo, pwofesè kreyòl, jounalis, powèt, mwen kontan fè yon ti pale ak fanatik yo. Mwen se youn nan moun k ap milite sou plan kiltirèl, depi epòk 95 yo. Yon 28 oktòb konsa nou te reyini pou nou mete M.L.A (Mouvman Literè Ayisyen) kanpe. Objektif mouvman an se fè pwomosyon pou lang kreyòl la epi patisipe nan zafè alfabetizasyon.

### Kijan nou te kòmanse

Lè mwen t ap pale ak kèk zanmi sou mouvman an, yo te fè m konnen li pa t ap posib paske se zafè lang kreyòl nou pral defann. Men kanmenm mwen te di m ap eseye. paske, lè Toma Edison t ap kreye anpoul elektrik yo te di l fou, jounen jodiya non moun sa yo pa nan istwa se non Edison ki nan istwa, se youn nan rezon ki fè kanmenm mwen mete M.L.A sou pye. Menm si nou konnen depi se an kreyòl sa p ap fasil.

### Poukisa yon mouvman konsa

Rezon ki fè mwen vini ak M.L.A souvan mwen patisipe nan klèb literè, mwen wè se an fransè bagay yo fèt. Yo toujou di y ap debat sijè

a an fransè se pou fè valè lang fransè a isit nan peyi d Ayiti. Mwen menm kòm ayisyen mwen di m ap mete M.L.A kanpe ki se yon klèb literè pou mwen fè pwomosyon pou lang kreyòl la.

### Pale fransè pa vle di lespri

Nou vle pou lang kreyòl la pale nan tout kwen san konplèks paske ayisyen an santi li gran filozòf, entelektyèl se lè li pale fransè, men lè l ap pale kreyòl li pa santi l moun. Alòske ou ka fè bwodè nan pale kreyòl. Gen fason pou ou pale kreyòl pou ou bwodè tou.

Mwen se pwofesè, men mwen santi m tris lè m ap fè kou kreyòl nan yon lekòl, nan chak klas mwen pase yo ekri: pa pale kreyòl nan lekòl la «Le créole est interdit». Tandiske direksyon lekòl la peye m pou mwen bay yon kou kreyòl pou li. Pou mwen menm se “kachkach liben sere liben” k ap fèt nan sans sa a. M.L.A pa gen pwoblèm ak lang franse a, paske mwen menm pandan m ap fè kou kreyòl mwen toujou enterese elèv yo pou yo aprann lòt lang. Paske lè ou pale plis lang se yon zam anplis ou genyen pou ou defann tèt ou. Men sa mwen vle yo kanprann pa gen yon lang ki siperyè pase yon lòt lang. Men an Ayiti yo mete nan tèt timoun nan se fransè ki lang. Depi ou pale fransè ou se entelektyèl, filozòf, ou se moun. Men fòk ou toujou konnen “pale fransè pa vle di lespri”. Mwen toujou sèvi ak pwovèb sa pou montre elèv mwen yo tout fransè

pa filozòf, tout fransè pa entelektyèl paske gen fransè ki pa janm pase sou ban lekòl.

### Sa ki plis make M.L.A

Se jwèt korespondans nou te òganize nan ane 2000, kote nou te ba l yon tinon ki rele «Ti koze youn ak lòt». Yon ventèn jèn te patisipe. Règ jwèt la se te fòk tout moun te ekri lèt yo an kreyòl epi moun ki nan jwèt la dwe chwazi ti non vedèt nou yo, zansèt nou yo tankou Desalin, Touden Louvèti elatriye. Sou plan literè yo dwe chwazi non tankou: Masiyon Kwakou, Osva Diran, Demesva Delòm, elatriye. Nan kesyon teyat: se Langichat, Azibe, Banabe, Jesifwa elatriye. Nan mizik: Annsi Dewoz, Jera Dipèval, Choubou, Timanno, elatriye. Nan espò: Manno Sanon, Tiga, Dekolin, elatriye. Règ jwèt la te respekte. Se te fason pa nou pou nou te onore moun sa yo tou ki bay patisipasyon yo nan fè pwomosyon pou lang kreyòl la.

### Mesaj pou tout ayisyen

Nou di tout ayisyen ak tout peyi ki pale kreyòl yo kenbe la, n ap kontinye fè pwomosyon pou lang kreyòl la, epi nou gen espwa menm jan ak lòt lang yo k ap taye banda paske yo wè avantaj nan yo, tout peyi bezwen pale yo, m ap di nou kenbe fò an nou travay pou lang kreyòl la vin gen menm fòs tankou tout lòt lang. An nou pwodwi plis an kreyòl.

**Wozilya Franswa**

### Tigwav : Yon vil kote lamizè ap paweze nan mitan yon pakèt richès !

*Rès kakas ki la depi nan tan lakoloni, sit touristik ak istorik tankou tonb anperè Fosten premye, tonb enperatris Adelina Soulouk, madanm anperè a, bèl plaj, bon akèy popilasyon lokal la, se tout sa yon vizitè ka jwenn lè li ale Tigwav, yon komin nan depatman Lwès la. Men, wout la ki soti Pòtoprens pou ale nan vil la pa fè kado.*

Se anviwon dezè d tan yon moun pran nan machin pou l soti nan kapital la al Tigwav. Anplis blokis Kafou, yon vizitè dwe atann li tou ak wout kraze, wout fouye ak kèk kote, dlo mande regleman pa l.

Tigwav ki se dènye limit depatman Lwès la, nan zòn Sid, se yon vil ki te konswi nan tan lakoloni nan lane 1663, selon kèk istòryen. Listwa rapòte, pandan yon epòk, se te kapital kolonyal Tigwav te ye.

Site Fosten Soulouk la gen yon distans 50 kilomèt ak Pòtoprens. Tigwav, sou wout Sid, se yon vil kote tradisyon yo fò anpil. Konesans oral yo pase jenerasyon an jerasyon. Gen anpil konstriksyon dantan ki fèt an brik ouyen ak bwa nan komin nan.

Popilasyon an fyè anpil lè yo ap pale sou vil la ki bay nesans ak dènye anperè Ayiti konnen nan listwa, Soulouk Fosten ki te kouwone sou non Fosten premye.

Tonb anperè a nan mitan vil la menm, nan youn nan de plas piblik



Pye Tanmaren an kote Desalin te fè deklarasyon an

komin nan genyen. Nou jwenn tou tonb madanm anperè a Adelina Soulouk nan zòn nan. Anplis sa yo, legliz Sen Kristòf ki jounen jodiya pote non legliz sen Janbatis k ap fonksyone aprè plis pase twa syèk. Nou jwenn tou rès fò Wayal, fò Litoral ak fò Gari.

Nan ri Jefra, anba yon pye tamaren, lejand fè konnen se nan lye sa a menm, Desalin, pandan l t ap soti nan Sid peyi a, te fè yon gwo deklarasyon. Popilasyon an ki kwè

anpil fondatè patri a te delivre mesaj la lakay yo, fè kwè se pandan Desalin t ap pale ak kolonèl Lama anba pye tamaren an ki la toujou, li te di: « Aprè tout sa m sot fè nan Sid peyi a, si sitwayen yo pa leve kanpe kont mwen, yo pa moun ».

Pawòl sila a rete kole nan memwa popilasyon Tigwav la tankou tout rès peyi a. Men santiman fyète moun Tigwa pi fò e yo pa sispann fè pawòl la mache soti nan papa al nan pitit. Pye Tanmaren an ki gen plis pase 200 zan, selon abitan yo, se kote vodouyizan konn vin fè sèvis lwa lajounen kou lannwit. “Gen yon lwa ki konn manifeste sou fòm yon jèn fi ki abite nan pyebwa a”, si n ka kwè deklarasyon kèk tigwavyen yo.

#### Prezans leta nan Tigwav

Anplis lakomin (lameri) nou jwenn nan Site Fosten Soulouk la yon biwo rejyonal enpo, yon lopital ki bay swen ak popilasyon nan zanviwon an ki rele lopital



**OU GEN YON IJANS  
OU BEZWEN YON ANBILANS!!  
YON DOKTÈ !!**

**TEL INFO**

**\*406 / 2-414-0606 / 2-514-0606  
OU BEZWEN ENFÒMASYON !!  
KI KOTE W AP JWENN PWODI SA  
OUBYEN SÈVIS SAA  
OU BEZWEN KOUNYEYA ?**

**TEL INFO**

**\*406 / 2-414-0606 / 2-514-0606  
PLIS PASE YON ANYÈ**

## Konnen peyi ou

Nòtredam, yon komisarya polis ak de soukomisarya.

Tigwav Gen tou, yon biwo sèvis nasyonal dlo pou bwè (Snep), elektrisite leta d Ayiti (EDH), yon sikisal bank nasyonal kredi (BNC), yon tribinal pou lapè ki twouve l nan katye Viyalè, yon palè Jistis rejyonal, ki vle di l sèvi tigwav ak lòt kominote tankou Miragwàn, Grangwav elatriye. Biwo teleko, Bibliyotèk kominal, lekòl piblik primè ak segondè ap paweze nan Tigwav ki sanble pa gen prezans inivèsite Leta a.

### Fich teknik vil la

Selon enfòmasyon nou jwenn nan men dezyèm majistra vil la, Emanyela Oslin (Emmanuella Osselin), gen anviwon 167 000 abitan nan zòn nan ki kouvri yon sifas 337,63 kilomèt kare. Tigwav pwodwi viv, pitimi, pwa, mayi men pwodiksyon ki se mak fabrik yo a se dous Makòs. Gen anpil sit natirèl ak touristik nan zòn nan.



Majistra Emanyela Oslin

Genyen 12 seksyon kominal nan Site Soulouk la :1° Bino, 2° Delat (Delatte ), 3° Twou chouchou , 4° Fon Arabi (Fond Arabie), 5° Kanari, 6°, 7°, 8° Platon (Platons), 9° ak 10° seksyon Palm (Palmes), pou fini, 11° ak 12° seksyon Foug (Fourgues).

Chak seksyon kominal yo chaje richès natirèl ak touristik. Selon dezyèm majistra a, se yon evènman pou yon moun kontanple, yon kouche solèy anba pye Mòn Tapyon ki twouve l nan 12° seksyon. 9° ak 10° seksyon ki tou prè departman Nip la bay menm van fre ak komin Kensköf.

### Kouman lavi òganize ?

Chak ane, gen plizyè evènman vil la òganize, tankou kanaval Dous-Makòs ki dewoule de semèn anvan sa Pòtoprens la, yo òganize tou defile rara, pandan peryòd Pak. Fèt patwonan vil la ki se Notredam Asonpsyon fete chak 15 dawout.

Komin nan gen yon dizèn estasyon radyo, nou ka site radyo Men kontre, Atlantik, Nòtredam, Planèt Vibrasyon, Eko 2000, kote ansyen jounalis Briyòl Lendò t ap travay. N ap raple òganizasyon popilè dòmi nan bwa ki pwòch lavalas te touye jounalis la ak kout manhèt nan dat 3 desanm 2001. Tigwav gen yon estasyon televizyon, RSTV, de libreri, «Tout ou rien», «Libreri Evanjelik Metodis », de plas piblik, yon Izin glas yo rele “Top glas”, plizyè magazen ak bank komèsyal prive.

Nou jwenn tou plizyè Otèl nan Tigwav. Selon enfòmasyon majistra Oslin, miltinasyon ameriken ki rele Maryòt (Mariott), ap konstwi



yon chèn otèl k ap pote menm non an nan site a. Klèb lanwit pouse tankou dyondyon. Bosa Konbo, Mas Konpa, Barikad, Twopikana, tout gwoup sa yo konn vin fè melomàn Tigwav yo danse, selon enfòmasyon Emanyela Oslin.

Nan komin nan, nou jwenn plizyè gagè, sa ki pi frekante a, yo rele l «Gagè Jèmen ». Gen klèb kiltirèl ak espòtif, asosyasyon fanm, relijye, jèn, elatriye. Pa gen twòp pwoblèm ensekirite nan zòn nan. Men malgre tout avantaj sa yo, popilasyon an pa nan twòp afè bon. Yo poko ka soti anba sityasyon malouk twa gwo siklòn yo fin lage yo. N ap raple, aprè pasaj siklòn «Fay, Gistav, Ana ak Ayk», rivyè Ladig, Kayiman, Kitis ak Dlopiti te debòde, anvayi vil la. Anpil moun ak bèt te mouri, yo te pote ale tout ti sous revni popilasyon an. Gen moun ki te ka jwenn ti lamanjay avan inondasyon an, ki nan lari jounen jodiya ap mande. Majistra a di “li regrèt gwoup moun sa yo ki ap mande a”. Malgre OIM ak CHF ap kreye kèk ti travay nan konstwi wout, netwaye rivyè, reparasyon lekòl, elatriye, sa pa sifi pou kouri dèyè grangou nan zòn nan. Se pa tout travay leta ayisyen ap fè nan Pwogram (PIC) nan asfalte wout, netwaye ravin, konsèvasyon sòl, k ap kouri dèyè grangou.

Tèks ak foto Ladensonn Flerival

# Nòt pou laprès

## Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

### Nòt pou laprès

Nan moman sa, nou antre nan tan karèm. Se yon moman konvèsyon e se yon okazyon pou nou antre nan sa ki kòrèk. Se yon bèl moman pou n atire atansyon otorite yo ak tout sektè ki konsènen yo nan peyi a, sou sitiyoasyon tout moun k ap kwoupi nan prizon san jijman. Nou gen plizyè dosye nou vle mete devan n. **Nou chwazi 50 nan yo.**

1- Dosye Erick St Hilaire, nou te pale sou li devan laprès nan dat 23 desanm 2008 la. Selon enfòmasyon nou genyen, **li nan prizon poutèt zanmitay ki genyen ant moun ki akize l la ak yon komisè gouvènman.** Nou te fè yon rekou an « **Habeas Corpus** » sou ka sa a. Men **dwayen an pa t janm pwononse l sou li,** malgre nou te kri l yon dezyèm fwa. Konsa nou wè, tribinal yo, ki ta dwe garanti dwa moun, pa fè travay yo.

2- Nou swiv plizyè dosye kote prizon yo te resevwa yon òdonans ki di pou y al devan jij. **Sa fè lontan depi yo voye òdonans sa yo bay prizon yo, men yo poko janm jije.** N ap site kèk ka.

· **Estrat Jacques ak 8 lòt jèn gason ankò :** yo te arete yo nan Kwadèboukè pou asosyasyon malfektè ak anlèvman moun nan lane 2005. Yon lane aprè nan lane 2006, òdonans li sòti. Men jouk jounen jodiya yo poko jije yo.

· Se menm bagay pou **Georges Marc Donald ak 6 lòt konpayèl li yo.** Yo te akize yo pou vòl avèk efraksyon lannwit, nan yon magazen yo rele Nako Departement Store.

· Yo akize **Alphonse Martinez** pou volò machin. Gen tou **Bernade Jean, yon jèn fi,** yo arete yo Jeremi poutèt li ta konplis nan lanmò yon chofè CAM Transfè. Pou tout moun sa yo, òdonans yo sòti pou ale jije, men yo poko janm jije yo.

3- N ap pale tou sou **30 dosye,** nou te deja atire opinyon piblik la sou moun sa yo ki fèmen depi byen lontan, men **ki pa konnen ki jij k ap etidye ka yo.** Nou te ekri Komisè a yon lèt ak lis non moun sa yo, pou li ba nou nimewo dosye yo. Nou te rankontre l nan mwa novanm 2008 sou dosye sa yo. Jouk jounen jodi a, pa genyen okenn rezilta ki sòti. N ap fè sonje, genyen nan moun sa yo ki nan prizon depi lane 2004.

4- Lòt ka n ap souliye : Anpil paran prizon yo ap plenyen paske **dosye** pitit yo oubyen mari yo **pèdi nan pakè.** Konsa, gen **Jean Yves Milien** yo te arete nan mwa novanm 2004, zòn Delma 6, pou asosyasyon malfektè. Jij enstriksyon k ap mennen ankèt sou dosye a, epi li voye l nan Pakè pou rekizitwa definitif nan dat 2 jen 2005. Jouk moman sila a **Pakè a ap chache dosye a,** li pa jwenn li. Sa fè nou wè ki degre lejète ki genyen nan trètman dosye prizon yo ak neglijan ki genyen parapò ak libète yon moun genyen ki pi gwo byen li, apre lavi a menm.

**N ap mande :** Jouk ki lè Leta sa a ap fè moun jistis ?

Pandan Komisyon Jistis ak Lapè ap fè sonje libète moun se yon bagay sakre ki sòti nan Bondye, Leta gen pou obligasyon pou jije moun yo arete yo nan yon delè lalwa prevwa.

Komisyon Jistis ak Lapè ap fè sonje tan Karèm nan, se yon bon moman pou otorite Leta yo sonje moun sa yo, desizyon Lajistis sòti an favè yo, men ki poko ale nan jijman.

Nou konte sou kolaborasyon tout moun pou fè Lajistis vanse yon fason pou prizon yo sa yo kapab konnen pou ki lè yo la.

Nou remèsye tout moun ak laprès yon fason espesyal. Nou di nou tout bon Karèm e pa bliye : Travay pou respè dwa moun se travay tout moun.

*P. Jan Hanssens, direktè*

Sitiyasyon ekonomik pwojè a fòse nou monte pri jounal la yon ti kras depi janvyè 2009

Pri yon jounal pou ane 2009 : si ou vin pran l nan Bon Nouvèl, ou byen si ou achte l nan men revandè : 10 goud

**Pri abònman pou 2009**

**An Ayiti :**

1 abònman rive 50 (pou 1 ane ) 100 goud pou chak abònman

51 pou rive 100 abònman : 90 goud pou chak abònman

101 pou rive 250 : 80 goud pou chak abònman

250 pou rive plis : 65 goud pou chak abònman

1 Abònman pa lapòs : Pòtoprens : 250 goud

An pwovens : 300 goud

**Pou peyi Etranje :** Ozetazini : 1 abònman : 30 \$ US

Ewòp : 1 abònman : 40 \$ US

## Kreyòl

Gade

Tande

Santi yon lang

K ap defile

Sou pwent tete

Tèt dyòl yon pèp

Kreyòl

Se fanm dous

Nonm moun

Chwal tout moun

*Saben Djonsonn (Sabin Johnson)*

# KREYÒLNAVAL oubyen anyen...

*An Ayiti, depi toutan kanaval rete pi gwo banbòch kiltirèl ki makònen ak lang kreyòl la epi pwodiksyon lakay. Andeyò tankou lavil, moun nan tout kouch sosyal pran plezi nan yaya kò yo nan gwo anbyans an kreyòl soti dimanch avan kanaval yo pou rive nan madigra.*

Ki lang ki charye tout plezi kanaval la? Ki lang gwoup mizikal tout kalte itilize? Nan ki lang bann madigra yo rasanble moun? Poukisa fanatik bann sa yo pran plezi nan chan betiz ? Se kèk nan kesyon ki pouse nou reflechi sou enpòtans kreyòl kapab genyen nan kanaval an Ayiti.

Anbyans yon aktivite kiltirèl tankou kanaval se nan yon sèl lang li kapab fèt: lang matènèl. Kidonk, kreyòl ki se lang tout ayisyen kapab pale nan tout sitiyasyon kominikasyon. Konstitisyon 1987 Ayiti a rekonèt kreyòl la se sèl lang ki simante tout Ayisyen. *Kreyòl ak fransè se lang ofisyèl peyi d Ayiti.* Kanaval kòm pi gwo fèt popilè ki mobilize epi rasanble moun nan tout kat kwen peyi a. Li pa t ap janm kapab reyalize nan yon lòt lang. Pyè Boudye (Pierre BOURDIEU) fè konnen lang nan se yon eleman fondamantal nan zafè rityèl. Sa vle di genyen yon seri manifestasyon kiltirèl ki p ap kapab reyalize si lang nan pa prezan. Se yon mwayen kominikasyon ki soude moun yo ansanm, fè yo santi yo ap viv.

Wi kreyòlnaval ! Se yon fason pou montre pwa lang kreyòl la genyen nan reyalizasyon kanaval la. Se yon dimansyon fondamantal nan pratik lang kreyòl la. Konpa, rap, rasin... : nan kèlkeswa tandans la, ou jwenn lang kreyòl la. Ansyen ak nouvo mo osinon ekspresyon tradwi panse patisipan yo pandan y ap defoule yo. Se toujou yon peryòd echanj ant gwoup ak fanatik yo. Pliske chan yo marye ak sitiyasyon sosyo-ekonomik ak politik popilasyon an ap viv chak jou. E lè se sa k ap fè ou mal ou ap ekspriime, pou li byen pase, se nan lang matènèl la pou fè li pase. Se menm ka a tou pou sa ki fè ou byen.

Yon lòtbò, nou kapab konstate pa manke genyen koulè lokal nan kanaval an Ayiti. Pandan twa jou gra yo, estang ak cha yo prezante kèk aspè nan sa ki kilti pèp ayisyen an. Wa ak rèn, chaloska, janmdebwa.. se kèk nan

eleman ki prezante kilti ayisyen nan. Kidonk, koulè lokal la marye ak lang la paske tout sa nou pwodwi yo se nan lang nan nou eksplike yo. Youn makònen ak lòt. Son tanbou, vaksin, òg tout kalte marye ak bon jan pawòl an kreyòl: men sa ki baz tout kanaval la an Ayiti. Tout gwoup, didje ak bann chèche eslogan frape an kreyòl pou pote animasyon pa yo nan pakou kanaval la. Si yo itilize kreyòl la se paske an reyalite, yo pa genyen chwa. Si yo vle mesaj yo a touche moun se pou li an kreyòl. Paske nòmalmen lè ou ap kominike fòk ou chèche adapte ou ak nivo destinatè a. Se egzakteman sa ki fèt nan kanaval la.

Lang se veyikil kiltirèl. Se youn nan fonksyon tout lang. Se lang ki transmèt epi fè moun viv kilti a. Li la pou li ekspriime tout sa lokitè a genyen kòm konpòtman nan bese leve chak jou li. An Ayiti, pratik yon lang tankou kreyòl fè wè aklè aplikasyon fonksyon veyikilè a. Sa a se yo egzant ki genyen yon valè syantifik pliske menm fenomèn etnolengwistik sa a kapab rive nan nenpòt ki peyi.

Lokitè natif kreyòl yo kapab pa janm chita epi reflechi sou sa yon lang kapab reprezante nan yon gwo manifestasyon kiltirèl tankou kanaval. Natifnatal sa yo pa rive fè bon jan refleksyon sou itilizasyon kreyòl la paske yo fè yon sèl ak lang nan. Yo sitèlman makònen, fonn ak kreyòl la, ou ta di se degouden ak senkant kòb. Yon lòt rezon se ta paske yo pa espesyalis nan zafè lang. Poutan, sa pa enpeche kèk pwofàn pran chans pale sou koze lang. La a ankò se paske pwofàn yo wè lang nan bouch yo maten midi swa. Epi se ladan yo di tout sa ki nan lide yo.

Antouka, nan refleksyon nou, nou rive konprann kreyòl ayisyen an se baz tout fèt popilè, manifestasyon politik, elatriye. Kanaval menm se pa pale. Kidonk, se yon mwayen kominikasyon ki efikas anpil. Pa bliye sonje mèm si yo di kanaval an Ayiti, men an reyalite, vrè mo a se KREYÒLNAVAL. Wi KREYÒLNAVAL !

**Batoli Pyè Lwi**  
**Lisansye an Lengwistik**  
**Etidyan an Mastè II, FLE/Kominikasyon**  
**Monitè, Fakiltè Lengwistik Aplike**

## Tigwav: yon rezèv nan sit touristik nou yo

Nan yon gwo virewon n te fè Tigwav jou ki te madi 5 mas 2009 la, nou te gen lokazyon vizite plizyè sit natirèl, istorik, epi touristik nan vil sa a ki nan yon distans 50 kilomèt ak Pòtoprens, ki gen kòm mak fabrik li “Dous Makòs”. Tigwav se yon vil bò lanmè ki twouve l nan awondisman Leyogàn ansanm ak Grangwav.

Tigwav, yon vil ki pran nesans nan lane 1663 sou tan lakoloni, ki gen ti non: Site Fosten Soulouk (1782-1867). Dapre listwa: Soulouk se te yon esklav revòlte, li te vin prezidan d Ayiti nan lane 1847, pita li te sakre anperè (1849-1859) avèk non Fosten premye, li ta pra l pèdi pouvwa a apre yon twoub politik nan lane 1859. Sa a te fèt paske jeneral anchèf lame a Fab Nikola Jefra (Fabre Nicolas Geffrard) te wè tout kou se pou anperè Fosten premye mouri pou l te pran plas prezidan an, 15 janvyè 1859. Fosten Soulouk te fè 12 lane sou pouvwa a.

Tigwav espesyalman nan katye Viyalè gen yon fò ki rele fò Wayal (zòn Bino) se Fwontne (Frontenay) ki te fè li nan lane



Fò Wayal



Yon moulen kann

1654 sou tan lakoloni, li gen jounen jodiya 355 lane depi li te konstwi. Kèk vizitè nou te rankontre di yo satisfè anpil ak prezans Bon Nouvèl la paske konsa yo ka fè konnen gen lòt fò aprè Sitadèl, Milo nan peyi a. Manke gen pwomosyon pou bèl kote yo ki nan peyi a. Lòt lye ankò se yon plaj leta ki rele Sit Balneyè, yon zòn anpil vizitè tankou moun nan komin nan pa janm sispann pale sou li ak anpil kè kontan. Yon zile nan plenn Lakil, se yon kote kèk moun konn montre talan gran najè yo. So Milè nan zòn nan Kanno, Tonb Adelina madanm anperè a nan zòn Bayara. La a tou dapre kèk ansyen, se rezidans enperatris Adelina, yon moulen kann nan Savanèt.

Komin nan gen pou animasyon ak distraksyon: dans, teyat, gwoup mizikal, foutbòl, baskèt bòl, volebòl, dans (Ibo ak Petwo), pou relijyon se katolik, pwotestan, vodou. Gen plizyè librèri. Nou te gen okazyòn vizite Librèri Evanjelik Metodis la.

Librèri metodis fèt nan lane 1970 epi li vin pran plas li nan lane 1974. Li chita kò li anfas plas

Libète (Liberté). Li gen pou responsab Alfwans Jozèf (Alfrans Joseph), dapre reskonsab la veritab gran ouvèti li fèt nan lane 1992. Li sèvi kliyan ki nan nivo: preskolè, segondè, epi mete disponib liv lekti ki tonbe dakò ak lafwa kretyèn. Se pi ansyen librèri ki egziste nan Tigwav. Librèri a se yon itilite pou anpil moun paske li evite yo blije antre Pòtoprens pou yon ti grenn liv ki pa nesèsè. Librèri sila se yon kontribisyon nan komin nan. Tankou reskonsab la di: “Jiskaprezan nou menm ak kliyan yo ap fè yon bèl eksperyans nan vil la.”



Tonb Adelina

Moun Tigwav pa kache lanmou yo pou vil la a, epi pale sou bèl valè istorik, nasyonal ak natirèl li. Yonn nan jèn nou te rankontre di: li kontan paske yo gen jiskonnyeya rès rezidans bitasyon Adelina a la, nan zòn Vye Chodyè nan katye Viyalè. Nan 2022 n ap travay pou komin nan tounen yon bèl destinasyon touristik nan karayib la epi jwenn mwayen pou nou kapab fè moun nan zòn nan viv lavi yo pi byen. ■

**Lano Jankamèl**

## 20 fevriye pase a, Radyo Limyè fete 50 lane l

Se te yon gran jwa pou anpil moun nan sektè evanjelik la ki konsidere radyo Limyè tankou yon senbòl ak tout yon boustè ki pou rechaje batri lespwa yo chak fwa yo ta vle dekouraje sou chimen levanjil la. Nan sans sa a, yon pakèt aktivite te mete sou pye pou fèt la te ka bèl. Se te nan yon anbyans san parèy kite reyini anpil moun: patizan tankou zanmi/anmoure ak anmourez lendi 9 fevriye pase a, nan yon kokenn chenn fwa ki te òganise sou lakou radyo Limyè a kote anpil Atis, Atizan, komèsan te vin ekspoze tout kalte pwodwi nan kad aktivite dirijan yo te mete anplas pou yo te make 50yèm anivèsè Radyo sila a. Fèt sila te genyen pou tèm : Yon lòt kout je sou Radyo Limyè.

Anpil lòt aktivite te mete sou pye tankou piblikasyon yon liv dò ki rele : “Radyo Limyè... mwen pa

bliye”, prezantasyon yon albòm dò ki rele : “Pafen 50yèm nan” ki genyen ladann pi bèl mizik yon pakèt atis ayisyen tankou lòtò dlo te anresjitre. Yo t ap pwofite nan menm sikonstans la, onore yon latriye gwo moun pou pil travay yo reyalize anndan radyo a. Nan sans sa a, dirijan yo te tou pwofite mete sou pye ‘Fondasyon Limyè’ k ap gen pou misyon bay bous etid nan domèn jounalis ak kominikasyon, bay mwayen pou radyo a kapab byen mache epi bay mwayen ak tout pastè ki pa genyen lòt mwayen pou viv.

Se yon lide pastè ameriken David Hat (David Hartt) te vin avè l nan lane 1959, nan site limyè Okay. Radyo Limyè tounen la jounen jodi, yon patrimwàn nan monn Evanjelik la. Daprè pastè Vanèl Jèn (Varnel Jeune) ki se direktè radyo a, evènman 50yèm nan se yon bagay

eksepsyonèl epi bay anpil kè kontan nan mitan sektè evanjelik la. Pastè a mande pou tout moun kanpe tankou yon sèl gason epi konte tout benediksyon Bondye pou n kapab ale ankò pi lwen, pi wo avèk tout fanm, tout gason ki vle pou zèv la kontinye briye. Pastè Chavann Jèn (Chavannes Jeune) ki se lidè pati politik Inyon (Union) an pa t kache kè kontan l, pou l t di : «Nou vle fè pi grand rezo evanjelik edikatif ak kiltirèl ayisyen an, tounen yon radyo tounèf, yon mèvèy nan domèn teknik.

### Bòn Fèt Radyo Limyè !



Rikado Ilis

## Nan okazyon 17 Avril 2009 ki se jounen mondyal lit peyizan.

### An n fè yon kout je sou batay ti peyizan Ayisyen mennen nan peyi d Ayiti

Jounen lit peyizan bò isit sòti, nan lane 1807 al bout nan lane 1820 avèk Goman nan tèt li, ti peyizan nan depatman Grandans yo te goumen ak zam pou fòse leta ayisyen ba yo mwayen pou yo viv tankou moun.

Sòti 1843 rive 1847, ti peyizan nan depatman Sid la, leve kanpe ak Jan Jak Akawo nan tèt lame pikè, pou reklame pataj richès ak byen peyi a papa yo Desalin te kite pou yo. Malerezman, ti peyizan yo kite vye politisyen magouyè, degrenn gòch divize yo nan fè vye pwomès pou yo pran pouvwa. Depi nan kongrè politik kiltirèl Bwa kayiman 14

dawout 1971, pwojè libète travayè esklav yo te denonse liberalis kriminèl mèt bitasyon yo. Lide Boukman te pran Granmèt la kòm temwen nan tray y ap pase sou plantasyon pou yo satisfè lanvi richès mèt bitasyon yo genyen. Men Sitiyasyon ti peyizan ta pral vin pi mal, sòti 1915 pou al bout an 1934 kote nou te jwenn, militè ameriken arete ti peyizan yo, mete yo nan prizon, touye yo poutèt yo t ap goumen kont okipasyon peyi a, kont taks sou pwodwi, pou defann tè yo, blan yo te vin vòlè.

Nan ane 1960 pou rive nan ane 1990, dirijan anndan leta yo, ki t ap

pran konsèy nan men blan yo ki t ap finanse gwo pwojè anndan peyi a, te panse pwoblèm t ap finalman rezoud. Aprè 1986, anpil moun te panse sitiyasyon ti peyizan yo ta pral chanje paske anpil gwo dirijan tonbe, yo kouri kite peyi a avèk anpil lajan nan louvri kanè bank nan plizyè peyi men, sistèm mete sou kote, sistèm peze souse a toujou rete tennfas. Sa vle di : Ti peyizan Ayisyen yo, sòti anba yon sistèm esklavaj, pase nan yon sistèm fewodal, tonbe nan sistèm kapitalis la, se yo ki toujou viktim. Depi nan lane 1985, moun sa yo te vin ak yon lòt lide ki apiye l sou

## Paj jèn yo

yon lojik devlopman riral, yo te mete anplas pou rezoud tout pwoblèm reyèl popilasyon an nan domèn tankou (sekirite alimantè, amelyorasyon nan kondisyon lavi yo epi valorize travay yo). Sèten ti peyizan nou te rive kontakte, fè konnen, si genyen yon jounen mondyal lit peyizan, li sèlman egziste de non, paske dirijan yo pafè anyen pou yo retire nou nan move sitiyasyon n ap viv la. Depi

lè prezidan Preval pran pouvwa a, li pa sispann klewonnen se pou n bay pwodiksyon nasyonal la jarèt men, jiska prezan anyen pa janm rive fèt, yo pa mete okenn estrikti anplas pou bay ti peyizan bon jan mwayen pou voye pwodiksyon nasyonal la monte. Peyi a divize ak 2 gwoup moun sèlman, moun lavil ak moun andeyò. Tout richès peyi a rete pou moun lavil sèlman pandan 203 lane. Moun andeyò

yo rete bèkèkè, 2 men vid ap benyen nan yon basen lamizè ki p ap janm ka fini. Chak ane n ap tandè nan radyo kòman gen anpil milyon ki tonbe pou peyi a, milyon sa yo toujou se pou pwojè moun lavil, peyizan yo toujou rete ap koute, yo toujou fè zewo, yo toujou absan menm lè se yo ki pi plis, sa vle di ki an majorite nan peyi a. ■

**Rikado Ilis**

## Foutbòl

### Yon nouvo van lespwa soule sou foutbòl Ayisyen an

Après move pèfòmans seleksyon nasyonal la te anrejistre nan tounwa dijisèl kèp la, ki te òganize nan peyi Lajamayik mwa desanm pase a, li rive jwenn kalifikasyon l pou al jwe Gòl Kèp (Gold Cup) nan mwa jiyè k ap vini la a, akòz Federasyon peyi Kiba (Cuba) deside rale l kò l nan dosye sila a. Se paske anpil jwè Seleksyon Kibèn yo te sove nan mwa mas 2008, lè yo t al jwe eliminatwa pou koup dimonn ki t ap fèt nan peyi Lachin, federasyon an pa deside voye gwo seleksyon

li a al Kanada. Se konsa, Ayiti avèk Trinidad ki te elimine, pase nan tiraj osò pou yo te jwenn plas seleksyon Kibèn nan. Istwa sa a te repete pou seleksyon Dànmak la nan ane 1992, kote l te ranplase peyi Yougoslavi, li te rive chanpyon, Kowasi te vini kòm ranplasan, li te twazyèm nan koup dimonn ki te fèt nan peyi Lafrans. Kesyon anpil moun ap poze tèt yo, èske Ayiti pral fè listwa menm jan ak de seleksyon ewopeyèn sa yo ? Ayiti ki te chanpyon nan Dijisèl kèp (Digicel



Cup) an 2007, gen pou l òganize Digisèl Karayibeyenn Kèp an 2010. Kòman preparasyon an ye nan kesyon enfrastrikti ?

Sitou lè nap gade pwoblèm ki genyen nan milye foutbòl ayisyen an. Nap tann 2010, dirijan, jwèt pou ou ! ■

**Rikado Ilis**

### Fim «Jak Woumen, pasyon yon peyi» «Jacques Roumain, la passion d'un pays»

#### Anòl Antonen (Arnold Antonin) an pran prim Pòl Robeson (Paul Robeson).

Fim Anòl Antonen an «Jacques Roumain, la passion d'un pays» te genyen prim 21yèm festival panafriken sinema ak televizyon Wagadougou a (Fespaco), yon total 129 fim te nan konpetisyon an. Prim sa a pote non Pòl Wobeson. Prim nan gen non sa a yon fason pou kapab bay (Pòl Robeson) gwo chantè nwa ameriken sila yon gwo lonè ak respè. Anòl Antonen te deja pran prim sila a nan lane 2007 avèk

fim «Le président a-t-il le Sida?». N ap di tou li te pran espesyal prim komite nasyonal Bikinabe (Burkinabé) lit kont sida ak enfeksyon moun ka trape nan fè bagay.

Fim «Jacques Roumain, la passion d'un pays» ba nou posibilite pou nou wè Woumen nan anpil pwen (ekriven, nèg angaje, ideyològ elatriye). Jak Woumen(1907-1944) ki te ekri liv : Les gouverneurs de la rosée,

Tambours assotors, L' analyse schematique). Nan mwa fevriye 2008, nan vil Bèlen (Berlin) kapital peyi Almay, te gen posibilite gade pwojeksyon fim nan. Touswit apre projeksyon an te gen deba ant Anòl ak espektatè yo. Epi tou, Pòtoprens kapital d Ayiti ap gen okazyòn nan mwa Out (Aout) k ap vini a pou l wè pwojeksyon fim nan. ■

**Lano Jankamèl**



Pawòl Bondye, yon pwojè pou lavi

## TÈ A SE MANMAN NOU



Zanmi Lekti kominotè Bib la, Ekip REBA a ap kontinye ansanm ak nou refleksyon sou Bib la ak Anviwònman an. Tèm n ap wè jodiya se: Tè a se manman nou. Pa bliye gran tèm nan se:

**“Pwoteje anviwònman an se pwoteje Lavi”**

### 1. Akèy:

*N ap toujou kenbe menm chema pou selebrasyon nou yo. Nou prepare anbyans pou reyinyon an; Nou fè akèy, di bonjou epi, fè moun yo sonje sa nou te wè nan premye jou yo, ki senbòl nou te genyen epi pataje nouvel.*

*Fè moun yo repete tèm Semèn Biblik sa a :  
Pwoteje anviwònman an se pwoteje lavi*

### 2. Bondye pale nan lavi nou :

**A. Senbòl:** Yon kivèt ki gen tè ladan l, anndan tè a gen tout kalite viv epi gen yon moun ki al fouye l pou jwenn manje....

**Poze kesyon:** Kisa nou konprann sou senbòl sa a?

**Pwovèb:**

- Fò ou pa rete sou wòch pou ou pale tè a mal
- Fò ou konn la pou ou al la.
- Tè pa janm manje kouraj moun.

**Kèk fraz moun yo konn di :**

“Lè lapli tonbe, tè fètil ale nan lanmè. Se trip pitit nou yo nou voye jete”

“Chak fwa nou koupe yon pyebwa, se pwòp tèt nou nou detwi »

“Koupe pyebwa yo se tankou yon kansè”

“Chante Ayiti cheri pi bon peyi pase ou nanpwen....”

“Lan peyi mwen gen solèy ki bay chalè”

“Diran lane tout pyebwa ap bay lonbraj”

“Bon briz lanmè toujou soufle sou plaj nou yo”

“Ayiti toma se yon peyi “qui m’est cher”

### 3. Bondye pale nan bib la:

**Lekti: Jenèz 13,10-18**

-Ki moun ki parèt nan tèks la?

-Ki pwoblèm yo genyen?

-Kouman peyi a te ye?

-Kisa Bondye te pwomèt Abraram?

-Kisa Abraram te fè?

-Ki konparezon nou kapab fè ant peyi Abraram nan ak peyi nou an, lè yo te rele l “**Pèldèzantiy**”?

-Kouman peyi nou an ye jounen jodiya?

Poukisa nan peryòd lapli anpil zòn inonde tankou Gonayiv, Fon Vèret, Site Solèy, Kabarè ak anpil lòt ankò?

Poukisa gen moun ki rele l “**Penn Dèzantiy**” osinon “**Poubèl Dèzantiy**”?

-Kisa nou ka fè pou nou kòmanse chanje figi peyi nou an ?

*Pou nou antre pi fon nan pawòl Bondye a:*

N ap li yon moso nan yon tèks Bon Nouvel mwa jen 2006 la ba nou :

«Tout zwazo yo fin chagren. Tout tè nan mòn ale nan lanmè. Yo pa jwenn pyebwa pou kenbe yo ankò. Bèt yo vin pi swaf. Kretyen vivan pa jwenn frechè. Zanmi konpatriyòt nou tout sou menm kanòt, an nou met tèt ansanm pou fini ak debwazman

## Chandèl limen

k ap ravaje peyi a, anvan li fini ak nou. Si nou kanpe pou pyebwa yo jwenn yon chans, lavi va fleri. Pyebwa se dlo, se lavi, se frechè, se richès. Absans pyebwa se sechrès, se mizè ; kite yo trankil. si n pa fè anyen pou sa, n ap tankou zannimo ki antòtye nan savann ki san mèl.

Tout fòs tè nan mòn yo al konble lanmè. Se sèl eskelèt mòn yo ki rete fil fil.

Lojik desanm se mwa banbòch, janvye mwa kalmi an, ka sot nan lespri nou, si nou konnen tè yo bezwen rasin ki pou kenbe yo” *Bonèl Oksine*

-Ki limyè nou jwenn jounen jodiya pou lavi nou?  
-Ki travay nou dwe fè pou n transfòme lakay nou?  
Chak moun dwe pran yon angajman pou omwens yo refè lakou lakay yo.

## 5. An n lapritè sou pawòl la

### ·Lapriyè kominotè

**Animatè/Animatris:** Frè ak Sè m yo, Pawòl Bondye a fè nou chak ki la yon apèl pou nou angaje tèt nou pou nou fè peyi nou an vin pi bèl, pou nou ede lavi grandi nan mitan nou. Menm jan ak Abraram nou dwe plante pyebwa kote nou pase pou refe tè a.


N ap mande Bondye padon :

-Paske anpil fwa nou kite pwòp enterè nou yo pran tèt nou epi nou pa wè lòt yo

- Chak moun ki fè lapriyè li pran yon ti kal tè nan men li pandan l ap priye.

**Nou fini ak : Papa nou ki nan syèl la** ■

## Bòn fèt Bon Nouvèl !



*Mwa avril sa a Jounal Bon Nouvèl ap fete 42 ane l nan sèvis pèp ayisyen an. Jounal toujou kenbe eslogan sa a "Baton ki nan men ou ak li ou pare kou". Objektif li se fè pwomosyon lang kreyòl la epi fè l rive jwenn bon plas li sou tab.*

*Jounen jodiya nou pa ka kouri kriye viktwa men nou ka di kote nou soti pi lwen pase kote nou prale. Bravo pou nou fanatik yo, Bravo pou Jounal la !*

Wozilya Franswa

## Lekti Labib pou mwa Me 2009

### Dimanch 3 Me 4° dimanch Pak

1. Liv travay Apot yo, 2, 16-22
2. 1 Jan 3, 1- 2
3. Jan 10, 11-18

### Dimanch 10 Me 5° dimanch Pak

1. Liv travay Apot yo, 5, 12 -15
2. 1 Jan 3,18 -24
3. Jan 15, 1- 8

### Dimanch 17 Me 6° dimanch Pak

1. Liv travay Apot yo, 10, 25- 48
2. 1 Jan 4, 7-10
3. Jan15, 9 - 17

### Jedi 21 Me Fèt Jezi

- ki monte nan syèl**
1. Liv travay Apot yo, 1, 1- 11
  2. Efèz 1, 17- 23
  3. Mak 16, 15 - 20

### Dimanch 24 Me 7° dimanch Pak

- 1- Liv travay Apot yo, 1,15- 26
- 2- 1 Jan 4, 11- 16
- 3- Jan 17, 11-19

### Dimanch 31 Me Fèt Lespri Sen an

- 1- Liv travay Apot yo, 2,1- 11
- 2- 1 Korent 12, 1-13
- 3- Jan 20, 29 - 23



Flerèt Matye

## Blag



Madanm Sizoka lage yon goud nan kwi yon avèg k ap mande charite, li di: Men yon dola . Avèg la pran pyès la epi li di: madanm se pa yon dola ou ban m, men se yon goud sèlman. Madanm nan reponn li di: men mesye si ou wè kouman ou fè chita la pran pòz avèg ou pou mande charite. Mesye a reponn : eskize m madanm se kenbe mwen kenbe pou avèg la ki zanmi m li deplase ale nan sinema.

## mo kwaze mwa pase a

	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1	B	O	K	A	L			K		C
2	O	G		P	I	S	T	A	C	H
3	G	A	Z		K	R	A	C	H	E
4	O	N		K	E		C	H	A	K
5	T		P	L		C	H	A	K	
6	A	P	W	O	C	H		M	I	L
7		W	O	C	H	A	B	A	T	O
8	T	O	C	H	O	N		N		F
9		C	H	A		T	E		F	I
10	C	H	E		S	E	D	R	A	S

## Mo Kwaze

### Pran agòch ale adwat

1.  $6 \times 9 =$
2. Retire.
3. Viv nan yon kote - Jwèt lotri.
4.  $3+4$  - Ki anonse kòman tan an ap ye.
5. Ale -  $3+7$  - Konferans Inite Demokratik(abrevyasyon).
6. Yon pati nan vizaj ou - Ki vle di yon sèl - Ki pa gen rezon
7. Koulè ki enpòtan nan jwèt kat - Veso yo mete dlo.
8. Pran nòt - Fon Monetè Entènasyonal (abrevyasyon).
9. Avan ou di 2 - Yon peyi nan pwòch Oryan.
10. Ki pa fò - Soti nan vant manman.


### Pran anwo desann anba

1. Chif ki vini avan 70.
2. Katye popilè istorik nan Pòtoprens - Avan ou di respè.
3. Ki pa lajounen - Kabann latanye pou moun kouche atè.
4. Aksyon ranmase lajan pou yon pwojè - Pati kote sèvo a ye.
5. Nat moun mete atè pou yo dòmi - Atik defini ki vin apre yon mo si mo a fini ak yon vwayèl nan nen.
6. Kokad - Bouke
7. Ansyen Testaman (abreviyasyon) - Ti non yo bay enfimye.
8. Latèt seksyon kominal yo - Yon peyi nan karayib la.
9. Yon peyi nan karayib la ki kole ak Sendomeng - Atik defini ki vin apre yon mo si mo a fini ak yon vwayèl nan nen.
10. Pa bonè - Jij la bay yon lòd.



	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1										
2										
3										
4										
5										
6										
7										
8										
9										
10										

Jan Fanaspò



Bon  
Journal  
Nouvel

103, Ri Pave  
B.P. 19252  
HT-6112  
Pòtoprens, Ayiti

Tel: 223-9186 ak 510-4477  
bonnouvel@yahoo.com  
Site web :  
www.bonnouvel.org

ISSN 1606-660X

### Pwojè "Bon Nouvel"

**Sipèvizyon:** Pè Gi Vandekandelare - Pè Lik Devègle  
**Dirèksyon:** Pè Jan Out  
**Redaksyon:** Wozilya Franswa.  
**Dokimantasyon:** Wozilya Franswa  
**Sekretarya ak Pwomosyon:** Flerèt Matye  
**Distribisyon:** Jan Deni Tanis - Wilga Belanj  
**Administrasyon:** Wilga Belanj  
**Antretyen:** Yolèn Chal